

Siy Chanm Twalèt pou Yon Sèl Moun



Kisa yon chanm twalèt yon sèl moun ye?

Yon chanm twalèt yon sèl moun se yon twalèt - oswa saldeben - yon sèl moun ka itilize alafwa.

Kisa yon siy chanm twalèt pou tout sèks ye epi kilè li obligatwa?


Yon siy chanm twalèt pou tout sèks yo se yon chanm twalèt yon moun nenpòt sèks ka itilize. Yon siy chanm twalèt pou tout sèks obligatwa pou chanm twalèt pou yon sèl moun yo. Se Lwa Lokal 79 ane 2016 kite te mete oligasyon sa a an plas.

Kisa Lwa Lokal 79 ane 2016 la ye?

- Li egzije pou tout biznis ki gen chanm twalèt pou yon sèl moun fè twalèt sa yo disponib pou moun nenpòt ki sèks ka itilize.
 - **Li pa egzije** okenn chanjman fizik nan chanm twalèt pou yon sèl moun yo apa afiche ak kenbe siy pou tout sèks ki apwopriye.

Ki siy pou tout sèks ki apwopriye?

Pandan Depatman an pa egizije pou gen yon siy espesifik, sa t ap apwopriye



Ki kote yo dwe afiche siy pou tout sèks la?

Yo dwe mete siy pou tout sèks la sou mi a, nan pòt yon chanm twalèt pou yon sèl moun.

Pou Soumèt yon Plent

Ou ka pote plent pou nenpòt twalèt pou yon sèl moun ki pa gen siy pou tout sèks ki apwopriye ladan bay sistèm plent 311 Minisipalite Vil New York la swa nan <https://www1.nyc.gov/311/> oswa lè ou rele **311**.